ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪУДОКI

№93 (23.501) ● 2017 гъэм накъыгъэм (майм) и 23, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Гъэр тыншу щымытами, зэфIагъэкIар мащIэкъым

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков А. ТI. накъыгъэм и 19-м иригъэкIуэкIащ КъБР-м Финансхэмкlэ и министерствэм и коллегием и зэIущIэ. Абы кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ Афэщlагъуэ М. Хь., КъБР-м и Къэрал чэнджэщзгъу Бозий Н. М., КъБР-м Финансхэмкlэ и министерствэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэтхэр, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр, федеральнэ Iуэхущ1апIэхэм я управленэу щIыналъэм щыIэхэм я унафэщIхэр, КъБР-м и щIыналъэ администрацэхэм финансхэмкlэ я управленэхэм я унафэщIхэр.

ФИНАНСХЭМКIЭ министерствэм 2016 гъэм зэфIигъэкIахэмрэ 2017 гъэм кьыпэщыт къыпэнхэмрэ щытепсэлъыхьыжьым зэIущIэм хэтахэр едэIуащ еьыхэр зыкIэпылъ унэтIныныгъэхэм я теухуауэ КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и къуэдзэхэм ящIа докладхэм. Абыхэм зэпкърыхауэ къагъэлъэгуащ республикэ бюджетым и хэхъуэхэм, къэралым и щIыхуэхэм, правовой лэжьыгъэм, къэрал финанс къэпщытэныгъэм социальнэ Iэнатlэмрэ бюджет зэхуаку зэпыщIэныгъэхэмрэ яхуэгъэза политикэм, бюджет планхэмрэ КъБР-м и республикэ бюджетыр гъэзэщIэныжьмкIэ 2016 гъэм КъБР-м и къэрал бюджет зэгуэтыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуа илъэс отчетыр федеральнэ казначействэм етыным я лъэныкъуэкIэ ягъэзэщIа лэжьыгъэр зыхуэдэм.

А псоми щытепсэлъыхьым КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий министерствэм къалэн пыуыкIахэр хуигъэуващ республикэ бюджетым и хэхъуэхэр къызэщIэгъэIуэным, щIыналъэхэм я бюджетхэм я зэфIэкIыр гъэбелджылыным теухуауэ муниципалитетхэм зэрадэлажьэр егъэфIэкIуэным, къэрал, муниципальнэ Iуэхущ1апIэхэм я аппаратхэр Iыгъыным трагъэкIуадэ ахъшэр зэгъэзэхуэным хуэгъэзауэ.

Зэрыщыту къапщтэмэ, республикэм и финанс Iуэхущ1апIэм блэкIа илъэсым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм арэзы утекIуэ хъуну къалъытащ. Абы и фIыщIэкIэ бюджет Iэнатlэм зэхъуэкIыныгъэ хъарзынэхэр щызэфIагъэкIащ, гъэр тыншу щымытами, республикэ бюджетыр зэпIэзэрыту лэжьащ.

КъБР-м Финансхэмкlэ и министерствэм 2017 гъэм кьыпэщыт къалэн нэхъыщхьэ дыдэр финансхэм я лъэныкъуэкIэ зыхуагъэувыжа псори фIэкIыпIэ имыIэу гъэзэщIэнырщ, бюджетымкIэ законодательствэр текI имыIэу гъэзэщIэнырщ.

Апхуэдэу коллегием и зэIущIэм щагъэлъэпIащ финансхэмкlэ урысейпсо, республикэ зэпеуэхэм щытекIуахэр. Къапщтэмэ, жылагъуэ ахъшэр зэIухауэ икIи нэрылъагъуу зегъэкIуэным хуэгъэзауэ Урысейм Финансхэмкlэ и министерствэм иригъэкIуэкIа «Бюджетыр щIыщIэр цIыхухэрщI» конкурсым хиубдэу тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр ираташ КъБР-м и цIыху щхьэхуэхэмрэ Iэнатlэхэмрэ я проектэ 17-р зэхэзылъхьахэм. Апхуэдэу Урысейм и Финансистхэм я союзым зи Iэщlагъэмкlэ нэхъыфIхэр убзыхуным теухуауэ иригъэкIуэкIа конкурсым «Финансист ныбжьыщIэ нэхъыфI» номинацэмкlэ диплом хъыщихьащ КъБР-м Финансхэмкlэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм ящыщ зым.

● Щыгъуэ-щIэж пэкIу

Блэкlам къытхуихьар тщымыгъупщэу, къэкIуэнум фIыкIэ дыхуэвгъэлажьэ

Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 153-рэ щрикъу махуэм теухуауэ накъыгъэм и 20 - 21-хэм Налык къалэ щекIуэкIа щыгъуэщIэж Iуэхугъуэхэм щIыхь куэд кьрихьэлIат, дунейр зэрыуэлбанэм емылъытауэ.

ТХЫДЭ напэкIуэцIхэм урилъэжмэ, урыс пащтыхьыдзэр бгырыс лъэпкъхэм зэратекIуам и щIыхькIэ 1864 гъэм накъыгъэм и 21-м Къуэбыдэ хуейм (абы лъандэрэ урысхэр «Красная поляна»-кIэ зэддж щIыпIэм) пащтыхьыдзэм и зауэлIхэм я парад щрагъэкIуэкIауэ щытащ. Ар лъыгъажэ зэфэзэщу илъэсищэм щIигъукIэ екIуэкIа Кавказ зауэжьыр я текIуэныгъэкIэ зэрахар зэрагъэлъапIэ Iуэхут.

Накъыгъэм и 21-р Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэу хэгъэнэхукIыным теухуа унафэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм кьыщтауэ щытащ 1992 гъэм мазаем и 7-м.

Хабзэ зэрыхъуам тету, накъыгъэм и 20-м и пщыхьэщхьэм, Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъу Хьэтlохъущокъуэм и хадэм ит Псэ жыгым деж шэху уэздыгъэу 101-рэ щыпагъэнащ, лъапсэрых зауэжьыр зэрекIуэкIа илъэсхэм я пэбжу. Лъэхъэнэм къыдэунэху адыгэ уэрэдыжьхэр, хэхэс адыгэхэм хамэщIым щахъума лъэпкъ пшынальэхэмрэ адэжь лъахэм кьыхуэхъуапсэу ауса уэрэдхэмрэ усэхэмрэ ягъэзэщIащ цIэрыIуэ хъуа артистхэми уэрэджыIакIуэ, пшынауэ, шыкIэпшынауэ ныбжьыщIэхэми.

Накъыгъэм и 21-м и пщэдджьжым фэеплъ пэкIум хэтыну кьыдэхуэса шууейхэмрэ лъэсырыкIуэхэмрэ Налшык и уэрамкэм кьрикIуащ, гъуэм и бжьамийр игъаджэу, шыкIэпшынэр яIэщIалъу, уэрамым и бгъуагъым хуэфI адыгэ нып щхъуантIэшхуэр зэпаIыгъэу, хэту хъуар фащэ екIукIэ хуэпауэ. ЗекIуэм хэтхэр Псэ жыгым къэса нэужь, абдеж пэкIур кьыщыхьIуахащ.

- Нобэ дэ дигу къыдогъэкIыж лъэпкъ щэнхабзэр, бзэр, хабзэр лIэщIыгъуэхэм къапрыхьиным зи псэр щIэзыта ди лъэпкъэгъуэр, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, пэкIур кьыщыщIэуихым.

Адэкlэ абы псалъэ иритащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. «Илъэси 153-рэ дэкIащ цIыху тхыдэм нэхъ гущIэгъунщэу, нэхъ кIыхьлIыхьу икIи нэхъ лъыгъажэу кьыхэна Кавказ зауэжьыр зэриухрэ. Абы кьела адыгэхэм я ешнэ лIакъуэр дунейм кьытохьэ, ауэ ялэ итахэми иужькIэ игъаджэу, шыкIэпшынэр яIэщIалъу, уэрамым и бгъуагъым хуэфI адыгэ нып щхъуантIэшхуэр зэпаIыгъэу, хэтыхуихьахэр. Мы махуэхэм фэеплъ шэху уэздыгъэхэр щыпагъанэ, щыгъуэ пэкIуэр, зэIущIэхэр щрагъэкIуэкI адыгэ щыпсэу къэралхэм», - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Абы кьыхигъэщащ адыгэ лъэпкъым щыщу цIыхуипщI къэс бгъу а зауэм зэрыхэкIуэдар е адэжь лъахэр ибгынэн хуей зэрыхъуар, адыгэ кьуажэ щэ бжьигъэхэр щIы щхьэфэм щыщ зэращIар, хэкум ирахуахэр дуней псом щикъухьа зэрыхъуар.

«Апхуэдэу щыт пэтми, и бзэр, хабзэр, щэнхабзэр зэрихъумжьын Лы-гъэ адыгэ лъэпкъым кьыкIуэкIащ, - пищащ Сэхъурокъуэм. - Уригушхуэ хъунущ адыгэхэм щыпсэу къэралыгъуэхэм пщIэрэ щхьэрэ зэрыщаIэм. Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм яхэтщ дуней псом щыцIэрыIуэ щэнхабзэ лэжьакIуэхэр, тхакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, спортсменхэр. Лъэпкъхэр игъащIокIэ зэбиифынукъым икIи зэбий хъунукъым, сыт хуэдэ зауэри зэгуэр еух, дэри, блэкIам кьытхуихьар тщымыгъупщэу, къэкIуэнум фIыкIэ дыхуэлэжьэн хуейщ. Ар я гъуаззэ я пщэдейр ягъэпс Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайжэм щыпсэу адыгэхэм, Урысейм и нэгъуэщI къалэхэм щыIэ ди лъэпкъэгъуэхэм».

Кавказ зауэм хэкIуэдахэм папщIэ къызэхуэсахэм дыуэ ящIащ, дакъикъэкIэ яхуэщымащ, удз гъэгъахэр Псэ жыг фэеплъым тралъхьащ. КьыхэгъэщIыпхъэщ щыгъуэ пэкIум хэтыну республикэм и районхэмрэ кьуажэхэмрэ кьикIыу цIыху куэд къызэрекIуэлIар, щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, абыхэм я кьудзэхэр я пашэу. Псори зэхэту цIыху минитхум нэблагъэ пэкIум кьрихьэлIащ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Щхьэгуэш Адэлбий Москва щеджэ ди студентхэм яхуозэ

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат, НэгъуэщI къэрал Iуэхуэхэмкlэ комитетым хэт Щхьэгуэш Адэлбий езым и лэжьапIэм щригъэблэгъащ КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм щыщу къалащхьэм и вузхэм щеджэхэр. Зэ1ущIэр кьыдэгъэпэщащ Къажэр Ланэ и нэIэм щIэту ягъэзащIэ «Адыгэхэр» фондым и «12» проектым хиубыдэу. Абы ипкъ иткIэ Кавказ Ищхьэрэм и республикищым икIаУэ Москва щеджэ студент нэхъыфIхэр яхуозэ щэнхабзэм, щIэныгъэм, политикэм, бизнесым, спортым я Iэнатlэхэм щыцIэрыIуэ цIыхухэм.

Зэ1ущIэм хэрихьэлIа щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ Iуэху куэдым щIэупщIащ, абыхэм къэрал щыIэ, къэрал кIуэцI Iуэхуэхэри, щIалэгъуалэ политикэри, законхэр гъэхьэзырыныжьмкIэ лэжьыгъэхэр кьыдэзырыдзэрагъэпэщри яхуту. Политикэм хуэгъэза псалъэмакъым кьыдэзыщиубыдащ урысей политикэри щIыналъэ Iуэхухэри.

Депутатыр хуабжьу фIэгъэщIэгъуэну тепсэлъыхьащ ди щIыналъэм икIахэм жьыджэрагъэ зэхэщIыкIышхуэрэ зэрахэлъым. Абы студентхэм ягу кьигъэкIыжащ ахэр лъэпкъым, республикэм я лIыкIуэу зэрыщытыр икIи псоми ечэнджэщащ зыхуагъэувыж мурадхэр гъэзэщIэным ерыщу бгъэдэтыну, кьызыхэкIа лъэпкъым, республикэм яхуэфащэу щытыну.

Аккаев Азнаур Эверест и щыгум докI

Дунейпсо класс зиIэ къегъэлакIуэ, Урысей и МЧС-м и Iуащхьэмахуэ бгылъагъ къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупым и лэжьакIуэ Аккаев Азнаур Эверест бгым и щыгум дыгъуасэ пщэдджьжьыр сыхьэти 4-рэ дакъикъэ 30-м нэсащ.

МЕТР 8848-рэ зи лъагагъ бгыр дунейм щынэхъ лъагэ дыдэщ. Ар Непал къэралыгъуэм хеубыдэ икIи абы щыпсэуэхэр «Джомолунгма»-кIэ йоджэ. Зы альпинисти щыIэу кьыщIэкIынукъым ар кьиригъэIурыщIэну щIэмыхъуэпсу. Иджы а Iуэхугъуэ псэзэпылъхьэпIэр кьехъулIащ **Аккаев Азнаури**.

Ди лъахэгъуэхэм ящыщу Эверестым дэкIыфар цIыхуиплI къудейщ. Ялэ дыдэу ар кьызэхъулIар **Ольмезов Абдул-Хьэлымщ** - 2009 гъэм. ИлъэситI дэкIри, Ольмезовым абы тригъэзащ. А гъэ дыдэм, 2011-м, адыгэ бзылъхугъэ **Мэз Каринэ** накъыгъэ мазэм дунейм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэм кьыщыхутащ.

НэгъуэщI ди зы щIалэми 2012 гъэм хуэзфIэкIащ Эверестым кьыщыхутэну. Ар **Хаджиев Азнорщ**.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Альпинизмэмкlэ, бгым дэкIуеинымрэ спорт туризмэмкIэ и федерацэм и тхьэмадэ Ольмезов Абдул-Хьэлым хьыбар кьызэрыдигъэщIамкIэ. Аккаевыр Эверестым кьехыжу хуежьащ. Абы дэщIыгъуу Джомолунгмэ дэкIуеящ ди къэралым щыщхэу Тебиев Валерий, Бриман Даниил, Крафт Евгений, Абрамов Александр (еянэу) сымэ.

Аккаев Азнаур ящыщщ Урысейм и МЧС-м и Iуащхьэмахуэ бгылъагъэ къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупым и лэжьакIуэ нэхъыфI дыдэхэм. ЦIыхухэр кьыщыгъэл Iуэхугъуи 180-м щигум ар хэтащ икIи куэд щытыкIэ гугъум кьришащ. Иджы дунейм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм и щыгум нэсащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Хъыбар гуапэ

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Дэтщ Алий-Бердыкъуэ фэеплъ сын

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Хьэбэз районым щекIуэкIащ Урыс-Кавказ зауэжьым хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ пэкIу. Лъапсэрых зауэр зэриухрэ илъэси 153-рэ щрикъум ирихьэлIэу Алий-Бердыкъуэ къуажэм щагъэувa фэеплъ сыным деж удз гъэгъахэр тралъхьащ.

- УРЫС-КАВКАЗ зауэр зэи мыгъуущын дыркъуэу адыгэм и тхыдэм къытенащ. Ди лъэпкъым и нэхъыбапIэр текIуэдащ абы, Iэбжьыбыр из нэхъ къэнатэкъым жыпIэну. Яхуэмыукlыр хэкум ирашри, дунейм текъухьа хъуащ адыгэр. Абы лъандэрэ илъэсищэрэ щэныкъуэм щIигъу дэкIам, нобэр кьыздэсым дигу илъщ, зэи тщыгъупщэнукъым Адыгэ къэралыгъуэр кIуэдыкIей зэрыкъуар. Арами, лъэпкъыр лъэпкъыу дыкъэнэжащ, ди хабзэр, ди бзэр, ди щэныр нобэм къэтхьэсыфащи, ар дяпэкIи зыхъумэн лъэпкъ Тхьэм дищI, - жиIащ Хьэбэз щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэ Бэшэр Беслъан.

УнафэщIыр кьекIуэлIахэм екъуэхъуащ адыгэр зэпIэзэрыту, щIэращIэу, гуфIэгъуэрэ екъулIэныгъэрэ щымыщIэу псэуну, зиужьыну.

ФЫРЭ Анфисэ.

Истамбыл дэс адыгэхэр Щыгъуэ-щIэж махуэм зэхуешэс

Гъэ къэси хуэдэу. Адыгэхэм я Щыгъуэ-щIэж махуэм теухуа дауэдапщэхэр Тыркум и щыхьэр Истамбыл къалэм щекIуэкIащ. Уэрам зекIуэм хэтыну къыдэкIа цIыху минипIлэ Галатасарай лицейм дэк къыщызэхуэсахэт. ЗекIуэр сыхьэт 21-м деж екъэри. Истикълал уэрамым нэс кIуэцIрыкIащ.

«ЗЕКIУЭМ хэтхэм лъэпкъ фащэ ящыгът, адыгэ ныпхэмрэ тыркубзэкIэ тха къыхуеджэныгъэхэмрэ яIэщIэлът. КьинэмыщIауэ, зэхыхьэм абхъаз, шэшэн ныпхэр щыбольагъу, Бгырыс республикэм и ныпри зыIэт яхэтщ. Мы зэхыхьэр гъэ къэс йокIуэкI, Тыркум щыIэ адыгэхэр щыпсэу хэгъуэгу псори кьызэщIиубыдэу», - етхьж «Кавказ узел» Интернет-сайтым и корреспондентым.

ЗекIуэм и кIэм абы хэтахэм Урысейм и консульствэ нэхъыщхьэм и бжьыхьым деж «Адыгэ лъэпкъгъэкIуэдыр илъэси 153-рэ ирокъу» псалъэхэр зытетха удз фэеплъ щагъэтIылъащ.

ЕкIуэкIа зэхыхьэм хэтхэм я шынагъуэншагъэри егъэлеяуэ кьызэрагъэпэщат, сыту жыпIэмэ, Урысейм и премьер-министр Медведев Дмитрий накъыгъэм и 21-м Тыркум кIуащ, абы и президент Эрдоган Реджеп хуэзэну. Урысей консульствэр щылажьэ унэм полицэхэр егъэлеяуэ зэрыхуэсакъыр нэрылъагъут. Урысей лIыкIуэхэм я унэр зыхъумэ тырку полицейхэм я бжыгъэр щитIым нэсыт. Консульствэ нэхъыщхьэр Iэщэкъэ уздда машинэ сатырищкIэ, полицей автобусхэмкIэ къэгъэувыхьат, ихъуреягъкIэ гъущI бжьыхьэр егъэувэкIат.

Уэрам зекIуэр Урысейм и консульствэ нэхъыщхьэм нэмысу метр щэ ныкъуэ хуэдизкIэ къагъэувыIащ, удзхэр зыгъэтIылъынухэм фIэкIа бламылъэкIыу.

«Мы уэрам зекIуэр икIи фэеплъ махуэщ, хэкIуэдахэр щагъэлъапIэу, икIи адыгэхэм ехьэлIа политикэм зэхъуэкIыныгъэ зэримыIэр зэрыдмыдэ, ар утыку кьызэриутлъхьэ Iуэхущ», - жриIащ корреспондентым Тырку Демократ партым и лIыкIуэ нэхъыщхьэ Къаплъэн Кенан. - Нобэрей махуэмкIэ дэ къэдгъэлъэгъуэну дыхуейщ, сыт къытщымышIами, дызэрыпсэур, лъэпкъыр дуйвэн дызэрытеIыр».

Эйдоан Кемал къыхиригъащащ адыгэхэр зэригъэкIуэдамкIэ Урысейм зыкъарагъэуфысыныр я плъапIэу щытми, лъэпкъым зыгуэр къыхуащIэжьын хуейуэ зэрыпамыыдыдыр, я къыхуеджэныгъэри мамырыр Iуэхуу зэрыщыIытр.

«Урысейм ди лъэпкъыр зэригъэкIуэдамкIэ зыкъиумысыжьыу, мис мыпхуэдэу гъэ къэс мыбдеждым дыщызэхуэсынущ», - жиIащ Эйдоан Кемал.

Галатасарай лицейм и утыкум деж щызэхуэсахэм я пащхьэм къихьэурэ адыгэ зэгухьэныгъэхэм я лIыщхьэхэр кьыщыпсэлъахэщ. Адыгэ фащэ зыщыгъ адыгэ щIалэгуалэм мафIэ зэщIэгъэнахэр, урыс пащтыхьым дэлэжьа генералхэм щыщIэнакIэ сурэтхэр яIыгът.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Ерыскъы хьэлэлхэр

Тыркум, Хьэрыл Эмират Зэгуэтхэм, Шри-Ланкам, Белоруссием, Къыргызыстан, нэгуэщI къэралхэм, апхуэдэу Урысейм и щыналъэхэм езыхэм я Iэдакъэщ1экI ерыскъы хьэлэлхэр щагъэлъэгъуащ Къэзан щекIуэкIа Russia Halal Expo выставкэм. Абы хэтащ Ингушым и премьер-министр Гагиев Руслан-рэ экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Торшхоев Умалатрэ.

- КЪЫХЭЗГЪЭЩХЬЭХУ-КIЫНУ си гуапэщ «хьэлэл» пщалъэ тету ягъэхьэзыра ерыскъыкIэкIхэмрэ ящIэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ муслъымэнхэр щыпсэу щыналъэхэм я мызакъуэу, Урысейм и щIыпIэ псоми зэрызыщаубгъур. Ахэр фIагъэши и дамыгъэу къалъытэ. Сэ сыщогугфIыкI мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэ тельыджэм сыхэтыну Iэмал зэрызгъэтам, - жиIащ Гагиев Руслан.

Выставкэм щагъэлъэгъуащ исльамым и хабзэм тету ягъэхьэзыра лыхэкIхэр, Iэфы1кIэхэр, шей зэмылIэужьыгъуэхэр, сабий шхыныгъуэхэр. Апхуэдэу а зэхыхьэм кьыщаIэтащ муслъымэн туризмэм зегъэужьыным ехьэлIа Iуэхурэ.

Татэрстаным и щыхьэрым щрагъэкIуэкIа выставкэм цIыху куэд дыдэ еплъащ.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Зи гуащIэр мыкIуэщI

Тау Пщыкъан Къес и къуэр - къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ щIэрыпуэщ. Лэжьыгъэм зэрыпэрыта зэман кIыхьым къриубыдэу абы зэрихьащ къэралпсо, республикэпсо мыхьэнэ зиIэ Iэнатlэхэр. Геофизикэ щIэныгъэм илъэс куэдкIэ пыщIауэ щыта сэ мызэмытIуэ зэхэсхащ Тау Пщыкъан экономикэ, къэрал Iэнатlэхэм щызэфIих лэжьыгъэфIхэм, и Iуэху зекъыкIэ мардэхэм ятеухуа щыгъуэ куэд. КъыкIэлъыкIуэу Тау щытащ республикэм и профсоюз зэгуэхэныгъэм и пашэу. Нэхъ гъунэгъуу ар къыщысцIыхуар 1993 гъэрщ. Абы щыгъуэ Тау КъБР-м и Парламентым и депутату хахат.

ЩIЭНЫГЪЭ куурэ зэфIэкI лъагэрэ зыбгъэдэлъ Пщыкъан адрей депутатхэм къахэхьырт и жыдэрагъкIэ, и Iуэху еплъыкIэхэр зэрыпэхигъэкIыным ерыщу хущIэкъуу, зытепсэльыхь Iуэхуэхэм нэсу зэрыхищыкIыр наIуэ. Таум упэщIэувэкIи пхуигъэкIуэтынутэкъым икIи и гупсысэр пхуегъэхъуэжьынутэкъым. Апхуэдэу зэрыщытым депутатхэр щызэгуигъэп, абы и Iуэху еплъыкIэхэм арэзы щытемыхьэу куэдрэ щыгъэзагъэ, ижьдаугъэрт, итIыкIи Пщыкъан захуэу щытми. Депутат лэжьыгъэр зегъэкIуэным и щэху псоми фIыуэ щыгъуазэ Пщыкъан ноби и гупсысэкIэ, Iуэху зэфIэгъэкIыкIэкIэ ящхьэпрыкIыфынущ иджырей депутат куэдым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюз зэгуэтхэм я федерацэм и тхьэмадэу илъэс куэдкIэ лэжьащ Тау. Нэхъыбэм дощIэж лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм ди республикэмки къэралми щыщIыпIэ щытыкIэ гугъур. ЦIыхубэм я хуитыныгъэхэм ехпауэ къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм кьарыкIырт хьэлэбэлыкъ куэд. Апхуэдэ зэрыхьэзэрийхэр ди щIыналъэм кьызэрыщIымыхъэкIр Пщыкъан и цIэм ирапхырт. ЖыпIэнурамэ, абы ипэжьыпIэкIи и къару, зэфIэкI куэд ирихьэлIэрт властымрэ лэжьакIуэбзмрэ зэпэщIэувэу цIыхухэр уэрамым кьыдэмыхьэн папщIэ.

Урысей Федерацэм Жылагъуэ палатэ кьыщызэрагъэпэщу щIадза нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы и ятэ гупым 2005 гъэм хагъэхьауэ щытар Тау Пщыкъанщ. А зэманым УФ-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэт академик цIэрыIуэ Велихов Евгений. А щIэныгъэлI щэджащэм и зэфIэкI лъагэхэм щыщыгъуаэзт ди къэралми хамэ щыпIэхэми. Тау Пщыкъан УФ-м и Жылагъуэ палатэм щызэфIиха лэжьыгъэфIхэм я щыхьэт наIуэт абы езы Велихов дыдэр кьызэрыхущыт щыкIэр. Велиховым и жэрдэмщ Тау КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и ятэ (2009 гъэ), етIуанэ (2012 гъэ) зэхуэсхэм я тхьэмадэу ягъэувауэ зэрыхьатар.

2009 гъэм кьыщыщIэдзауэ сэ Жылагъуэ палатэм сыщылажьащ, Таум и къуэдзэ кьалэныр згъэзащIэу. КьызэдгъэпэщагъащIэ а Iэнатlэм и лажьыгъэ псори зэтеублэн хуейт, властымрэ Жылагъуэ палатэмрэ я зэхуаку зэгурыIуэныгъэ дэлъу цIыхубэм яфI кьызэрыкIын Iуэхугъуэхэр зэфIэхыпхьэт. Тау Пщыкъан нэхъри нэхъыфIу а Iуэхугъуэхэр зэфIэзэхырыни щыIэу кьыщIэкIынтэкъым. Ар КъБР-м и Жылагъуэ палатэм ягъэува нэужь, абы и акъылыфIагъыр абдеж нэхъри нэхъ гурыIуэгъуэ щыхъуауэ щытащ. Къэрал, жылагъуэ Iэнатlэхэм я пашэу илъэс куэдкIэ лэжьа Пщыкъан иубзыхуащ ди жылагъуэ палатэр зэрылэжьапхъэ планыр, зэман кIэщIым зэфIигъэкIыпхьэ-хэмрэ абыхэм къакIэлъыкIуапхъэ Iуэхугъуэхэмрэ наIуэ къыщIэ. А псоми щегупсыскIэ, Пщыкъан гулъытэнщэ ищIыртэкъым республикэм щыщыIэ социальнополитикэ, жылагъуэ-экономикэ щытыкIэхэр. Абыхэм ящыщу Тау ятепщэ иригъэщат республикэм щытепщэ хъуа экстремизмэмрэ терроризмэмрэ апэщIэувэнэр. А Iуэхугъуэр абы кьыщыхилъхьат Жылагъуэ палатэм и ятэ дыдэ зэIущIэм. Абы къыдэкIуэу Пщыкъан и унафэм щIэту Жылагъуэ палатэм хэтхэм ди щIыналъэм и щIыпIэ псоми щедгъэкIуэкIат цIыхубэ зэхуэсхэр, абыхэм хэщыщIэдзэпэщат ди Iэнатlэм и къудамэхэр. Апхуэдэ ди лэжьакIуэр игу нэсауэ икIи щытхъу хужиIауэ щытащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Велиховым.

А щыкIэм тету Жылагъуэ палатэм кьыщытIэтащ псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэм, щIеблэр хэкупсэу гъэсэным, Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхуэхэм, демографие щытыкIэм, щIыуэпсыр, щэнхабзэ щIэинхэр хъумэным, ди республикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI унэтIыныгъэхэми епха Iуэхугъуэ куэд. Ди палатэр нэсырт мыкIюмерчеркэ зэгуэхэныгъэхэм я лажьыгъэми. А Iуэхугъуэ псори гулъытэншэу кьыщыцIэрэтхэым ди унафэщIхэм я деж. Езы Велиховым зэрыжиIэти, КъБР-м и Жылагъуэ палатэр халъытэрт езым хуэдэ щыIалъэ Iэнатlэхэм я нэхъыфIхэм. Ар и фIыгъэт, псом япэрауэ, Жылагъуэ палатэм и унафэщI, лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщагъэу щыпкъэ икIи зэхэщIыкI куу зиIэ Тау Пщыкъан Къес и къуэм.

Илъэси 5-м щIигъыкIэ сыдэлэжьащ Тау Пщыкъан икIи жысIэфынущ республикэм граждан жылагъуэ щызэфIэувэным, зиужьыным а цIыху гъуэзэджэм зэфIэкIышхуэ зэрырихьэлIар. Апхуэдэу абы кьыщыхуэзытыншэу зэтриублат КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и лэжьыгъэр.

Тау Пщыкъан теухуа тхыгъэр ирикъу хъун папщIэ, жысIа псоми щыгъупхьэщ абы дахэу уэрэд зэрыжиIэр, ар екIуу усэ кьызэреджэр.

Тау щылажьэ стIолым сытым деж куэду телъщ тхакIуэ, усакIуэ, философ цIэрыIуэхэм я кьалэмыпэм кьыпыкIа тхыльхэр. Ар зыкIэ гуры хуэщIи, зи щIалэгъуэ куэд ехъуэпсэри хэльщ. КьинэмыщIауэ, къэрал, жылагъуэ Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм дхуэдизэ илъэскIэ щыIэжьа пэтми, Пщыкъан уеп-сэтъылIэнми Iуэхукlэ зыхуэбгъэзэнми зыри хэлъхьым - зыми емыпэгэкI щыху тыншу кьэнэжащ ар. Абы и дежкIэ нэхъыщхьэр дзыхь кьыхуащI Iэнатlэр цIыхум пэжу, жуаугъныныгъэр зыхищIэу, иригъэфIакIуэу зэрырихьэкIырщ. Апхуэдэхэм Пщыкъан пщIэшхуэ яхуещI.

Мы махуэхэм илъэс 80 ирикъащ Тау Пщыкъан Къес и къуэм и ныбжьыр. Нэхъыжьыфым, хэкупсэ нэсым дохъуэхъу узынишагъэ быдэ иIэу, и кьаруэр и зэфIэкIрэ мыкIуэщIу, лъэпкым, Хэкум фIы зэрахуилэжьыным хущIэкъуу иджыри кьэнэжащ псэуну.

ФЕДЧЕНКЭ Людмилэ,
профессор, РАЕН-м, МАИ-м я академик, УФ-м, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м и Парламентым и 1 - 3-нэ зэхуэсхэм я унафэщIхэм я къуэдзэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и къуэдзэ.

● Дифl догъэтъапIэ

● КъБР-м и прокуратурэм

Зэрылэжьэн хуей пIалъэм къыхущIагъу

2017 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм къыдигъэкIа унафэ №394-к-мкIэ юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыжь Пащты Жэмал Руслан и къуэм Лэскэн щIыналъэм и прокурор къалэныр зэригъэзащIэ пIалъэм илъэситхукIэ пащащ.

ПАЩТЫ Жэмал 1978 гъэм кьалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр кьиуха нэужь, 2000 гъэм КъБР-м и прокуратурэм и Iэнатlэхэм лэжьэн щыщIидзащ. Налшык кьалэ прокуратурэм и следователу, и следователь нэхъыжьу, Налшык кьалэм и прокурорым и дэIепкъуэгъу нэхъыжьу, кьудамэм и прокурору, Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм и аппаратым и кьудамэм и прокурор нэхъыжьу, республикэм и прокурорым и дэIепкъуэгъу нэхъыжьу, КъБР-м и прокуратурэм и аппаратым и кьудамэм и унафэщIу, Лоскэн щIыналъэм и прокурорым и кьуэдзэу щытащ. 2012 гъэм Лоскэн районым и прокурору ягъэуващ.

Унагъэщ, бынищ иIащ.

Зыхуэзэ щыуагъэхэр ягъэнаIуэ

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм къэрал граждан кьулыкъущIэхэм папщIэ щрагъэкIуэкIащ «Коррупцэм пэщIэтынымкIэ законодательствэр кьызэрагъэсэбэп щыкIэр» зыфIаща семинар.

АБЫ хэтащ республикэм и прокуратурэм коррупцэм пэщIэтынымкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъ и кьудамэм и прокурорыр.

Зэхуэсахэр хагъэгъуэзащ я хэхъуэхэм, я хэщIхэм, я мыпкъым, ар зыхуэдэм ятеухуа тхыпхэр (справкэхэр) щатхкIэ зытетын хуей хабзэм нэхъыщхьэу кьиригъэувэм. Апхуэдэу я хэхъуэхэм, я хэщIхэм, я мыпкъым, ар зыхуэдэм ятеухуа справкэхэр зэратам и пэжагъыр кьыщапщытэкIэ, прокуратурэм и Iуэхущапхэкъэ зыхуэзэжу, КъБР-м и прокуратурэм и аппаратым и кьудамэм и унафэщIу, Лоскэн щIыналъэм и прокурорым и кьуэдзэу щытащ. 2012 гъэм Лоскэн районым и прокурору ягъэуващ.

Унагъэщ, бынищ иIащ.

Зыхуэзэ щыуагъэхэр ягъэнаIуэ

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм къэрал граждан кьулыкъущIэхэм папщIэ щрагъэкIуэкIащ «Коррупцэм пэщIэтынымкIэ законодательствэр кьызэрагъэсэбэп щыкIэр» зыфIаща семинар.

АБЫ хэтащ республикэм и прокуратурэм коррупцэм пэщIэтынымкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъ и кьудамэм и прокурорыр.

Зэхуэсахэр хагъэгъуэзащ я хэхъуэхэм, я хэщIхэм, я мыпкъым, ар зыхуэдэм ятеухуа тхыпхэр (справкэхэр) щатхкIэ зытетын хуей хабзэм нэхъыщхьэу кьиригъэувэм. Апхуэдэу я хэхъуэхэм, я хэщIхэм, я мыпкъым, ар зыхуэдэм ятеухуа справкэхэр зэратам и пэжагъыр кьыщапщытэкIэ, прокуратурэм и Iуэхущапхэкъэ зыхуэзэжу, КъБР-м и прокуратурэм и аппаратым и кьудамэм и унафэщIу, Лоскэн щIыналъэм и прокурорым и кьуэдзэу щытащ. 2012 гъэм Лоскэн районым и прокурору ягъэуващ.

Унагъэщ, бынищ иIащ.

● Рейтинг

«Зы щхьэгъубжэ закъуэ» хабзэм тету

Урысейм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм зэхилъхьащ кьалэн куэд зэфIэзыгъэкI центрхэм (МФЦ) я лэжьыгъэр, цIыхухэм къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэным теухуар, 2017 гъэм и ятэ мазищым щыналъэхэм зэрырагъэкIуэкIам и рейтингыр. Абы теухуа хъыбарыр кьыбгъэдэкIащ УФ-м и Къэрал Советымрэ Урысей Федерацэм и Президентым и деж социально-экономикэ зыужьыныгъэм кьащехьуIаIэхэр кьэпщытэныкIэ щыIэ комиссэмрэ 2017 гъэм накъыгъэм и 4-м зэгъуэсэу Кремлым щрагъэкIуэкIа зэIущIэм.

УФ-м и щыналъэхэм я зэфIэкIхэр зэрагъэпщащ лIэужьыгъуи 8-кIэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм процент 88-м щIигъу къихьащ. Ар Урысейм щынэхъыфIхэм ящыщщ. Абы и закъуэкъым. «Зы щхьэгъубжэ закъуэ» хабзэм тету Iуэхутхьэбзэ щIэныкIэ «КъБР-м и МФЦ» къэрал-бюджет Iуэхущ1апIэм УФ-м ятепIэр щиубыдащ. Ар щыхьэт тохъуэ ди щIыналъэм мы Iэнатlэм фIы дыдэу зэрызыщиужьам икIи и зэфIэкIым нэхъри щыхигъэхъуэныкIэ Iэмалыфlхэр зэрыщыIэм.

ЛОБЖАНИДЗЕ Нанэ.

Мыадыгэу адыгэбзэ зыджхэр

● Гъуэгу къежьапIэ

Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №2-м иджыблагъэ дерс гъэщIэгъуэн щекIуэкIащ. 7-нэ «А» классым щIэс ныбжьыщIэхэм я деж «Уи Хэкур дахэмэ, пъэщмэ - урогушхуэ!» кьыхуеджэныгъэм щIэту кьыщызэрагъэпэща урок зэгухэр зэхэзышьхьэм абы и жэрдэмщIакIуэ нэхъыщхьэри адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Къущхъэ Фатlимэщ.

ЗИ ГУГЪУ тщы а классым щIэсхэм ящыщу адыгэбзэ зыджхэм, абыхэм нэгъуэщI лъэпкъхэм кьаэкIаэри яхэту, я Iэзагъэр кьыщагъэпэсэжа урок зэIухам кьрагъэблагъэхэм яхэтащ а школым и унафэщI Шыбзыхъуэ Иннэ, адэ-анэхэм я жылагъуэ советым хэт Урысмамбэт Мухьэмэд, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Хьэмгъуокъу Лейлэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

- Дерс зэIухам щIэсыну цIыкIухэм нэгъуэщI лъэпкъхэм кьаэкIаэри яхэтщ. Псалъэм папщIэ, осетинхэмрэ урыс-хэмрэ. Зэхыхьэм зыщыхуэдгъэзэжырым, кьалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжауэ щытар «мыадыгэу адыгэбзэ зыдж сабийхэр ди бзэм дегъэзхьэхьн, абы кьыдэкIуэуи, зыщыпсэу, зыщалъхуа лъахэм хуаIэ лъагъуныгъэм хэгъэхъуэн» мурадым дылъэIэсынырати, ар зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми кьыдэхъулIэмэ ди гуапэщ, - кьыхигъащащ Къущхъэ Фатlимэ, кьызэхуэсахэм урокым ипэ кьихуэу защыхуигъаззэм.

Дерсыр здэкIуэкIым, а классым щIэс ныбжьыщIэхэу Андрияновэ Анастасие, Гапоновэ Дианэ, Дол Дианэ, Бицу Маратт, Хьэмырзокъуэ Элладз, Кьурмэн Алинэ, нэгъуэщIэхэри усакIуэхэу Щомахуэ Амырхъан, Щоджэн Леонид, Сонэ Абдулчэрим, Джэдгъэ Борис сымэ я усэхэу «Ди Хэкур», «Лъахэ дахэ», «Iуащхьэмахуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр» зыфIащахэм къеджащ.

IуэрыIуэдэ-зэпэдзыж щIыкIэу зэхаГъэува теплъэгъуэм щызэпеуахэщ Бицу Марат, Щербаков Димэ, Ермаков Андрей сымэ, нэгъуэщIхэри. Дерс зэIухам кьрагъэблагъа балигъхэм псалъэ дахэ хужаIащ урыс, осетин лъэпкъхэм кьаэкIа щIалэ цIыкIуитIым, кьалъыса я ролхэр адыгэбзэ екIуIэ зыгъэзэщIахэм.

Урокым и етIуанэ Iыхьэм кьыщыпсалъэм, Къущхъэ Фатlимэ кьыхигъащащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр мыинми, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэдым кьаэкIаэр зэрисыр, ящыщ дэтхэнэми я хабзэ, я бзэ зэраIэжыр.

- Къыдалъхуа анэдэлъхубзэр фIыуэ иIыгъужьынырэ цIыхум и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ кьыдолъытэ, - жиIащ Къущхъэ Фатlимэ. - Бзэмрэ хабзэмрэ кIуэдыжьыпэмэ, ахэр зыбгъэдэлъа лъэпкъри щымыIэж пэлъытащ. Сыкуэят адыгэ ныбжьыщIэхэм, абыхэм я адэ-анэхэм мыпхуэдэ упщIэ зратыжыну: «Мыадыгэу адыгэбзэ зыджхэр ди бзэм щрипсэлъэфкIэ, дэ езым ди анэдэлъхубзэр Iэщ1ыб щIэтщIын хуейр сыт?» - жаIэу.

ЕджапIэм и унафэщI Шыбзыхъуэ Иннэ зэхыхьэм и кIэм кьыщыпсалъэм кьыхигъащащ урокыр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэмрэ сабийхэмрэ щытхъу лей зэрахуэфащэ, абыхэм кьызэрагъэпэща дерс зэIухамкIэ лъэныкъуэ куэд кьызэрызэщIауэбыдар, бзэр хъума хъун папщIэ мыпхуэдэ зэхьыхьэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, нэгъуэщIхэри.

ХьэщIэхэм ящыщ Урысмамбэт Мухьэмэд жиIащ урокым и екIуэкIыкIар, сабийхэм я жуаэт тыкIэр, я усэ кьеджэкIэр икъукIэ игу зэрырихьар, мыпхуэдэ дерсхэм, псом хуэмыдэжу иджырей зэманым, адыгэбзэм и пщIэр кьIэтыжынымкIэ мыхьэнэшхуэ зраIэр.

- Урок зэIухам и кIыхьагъкIэ дыщIэсати, ди мыпъэнкъэгъу сабийхэм ди анэдэлъхубзэр кьызэрагъэIурыщIэфыр гъэщIэгъуэн дыдэ тщыхъащ. Ди тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я Iэдакъэщ1экIэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ телъыджэхэм теухуахэм, кьыщеджэм, ахэр апхуэдизкIэ гъэхуаго, я гуп етауэ я Iэхум бгъэдыхьати, я щыуагъэ тIэкIуэкIри кьытфIэмыIуэжу, зы пычыгъуи блэдмыгъэхуу, ди адыгэбзэр зэрагъэщэрыуэм дытедымауэ дедэIуащ, - щыжиIащ и псалъэм и кIэм Урысмамбэт Мухьэмэд.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапщэ.

Истамбыл дэс адыгэхэр

Дунейм щыхъыбархэр

Роухани Хьэсэн щытокIуэ

Ираным щэбэт кIуам щекIуэкIа президент хэхыныгъэхэм щытекIуащ а къэралым и унафэр иджыпсту зыIэщIэлъ Роухани Хьэсэн.

Хэхыныгъэхэм хэтыну хуиту къэралым щатха цIыху мелуан 56-м щыщу процент 57-м я дзыхь зрагъэзар Роуханиц. Абы нэмыщI, президент къуэрыкъуэм щIэбэнат аятолла Раиси Ибрэхьим, къэралым и вицепрезидент щыта Хашемиташа Мостэфа, консерваторхэм я партым къигъэлъэгъуа Ага-Мирсалим Мустэфа.

Ахэри нэгъуэщI къэралхэм я унафэщIхэри Роухани ехъуэхъуауэ хэхыныгъэхэм зэрыщытекIуамкIэ.

Урысейм зэи щыхьымыхъуауэ

Накъыгъэм и 21-р хуэгъуэрлащ сочэдэсым. А махуэм ягъэдэжгуа «Гослото «6 из 45» потереем абы хэхъуэшхуэ кьыхуихьащ.

Урысейм апхуэдэ кьыщымыхъуауэ, абы кьыхьэхуащ сом мелуан 364.686-рэ. Сом 700 ириту билетхэр кьыщищэжьа, абы сыкIэ ищIэнт игъащIэкIэ зрикъуну ахъшэ абыкIэ кьихьыну? Аращ насыпырыхь жыхуаIэжьыр!

♦Таджикистаным щагъэлъапIэ щIалэгуалэм я махуэр

♦Азербайджаным щагъэлъапIэ экологиемрэ щIыуэпс хьугъуэфIыгъуэхэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэр

♦1769 гъэм франджы инженер Куньо Николэ зы сыкьэтым километри 5 зыкIу япэ автомашинэр зэпкърилъхьауэ щытащ.

♦1879 гъэм урыс тхакIуэ цIэрыIуэ Тургенев Иван «Оксфорд университетым щыхь зиIэ и доктор» цIэр кьыфIащащ. Дуней псор кьапщтэми, тхакIуэхэм ящыщу аращ а цIэр япэ дыдэу зыхуэгъэфощар.

♦1801 гъэм инджылыз инженер Тревитик Ричард бахьэкIэ зекIуэ автомобиль кьигупсысащ. Абы зы сыхьэтым километр 14,5-рэ икIуфырт.

♦1904 гъэм Венэ (Австрие) щыщыIэуфахьэ алыджурым бэнэкIэмкIэ япэ дунейпсо чемпионатыр.

♦1949 гъэм ФРГ-м и Конституцэр (Закон нэхъыщхьэр) кьащтащ. Апхуэдэ щыкIэкIэ зэIущIыу ящIащ Германие Федеративнэ Республикэ кьызэрыунэхуар.

♦Швециием щыщ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, а къэралым щIэныгъэхэмкIэ и академием и япэ президенту щыта, кьэкIыгъэхэм, псэущхьэхэм я дунейкэр алыджурым бэнэкIэмкIэ япэ дунейпсо чемпионатыр.

♦Шахматист цIэрыIуэ, дуней псом и чемпион, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, УФ-м и Къэрал Думэм и депутату щыта **Карпов Анатолий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Адыгэ хьэрычэтыщIэ цIэрыIуэ, «Шиферник» ОАО-м (Краснодар) и генеральнэ директор **Сагуэ Хьид** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, телеинтынхэр езыгъэкIуэкI, УФ-м и Iэнатlэ зиIэ и артистэ **Гурьевэ Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, уэшх тIэкIу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Нэпсейр насыпыншэщ.

★★★

● Іуэху еплъыкІэ

ТекІуэныгъэм и генераториссимус

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум и пэ хьихъуэ Урысей къэрал телевиденэм къыгъэлъэгъауэ щытащ Хэку зауэшхуэм и ветеран гуп Урысейм и Президент Путин Владимир зэрелъэІуар, Волгоград къалэм Сталинград фІащыжьыну. Путыныр абы арэзы техьауад, а Іуэхугъуэм текуэауи референдум зэрегъэкІуэкІыну хуейр жиІад. Сталин Иосиф мыхъумыщІагъэ фІэкІа имылэжьауэ либерал гуэрым щыжиІэм, Путиным абы жэуап иритыжы-гъат мыпхуэдэу: «Индустриализацэр-щэ? Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ къыщыхъыр-щэ?»

А ЗЭМАНЫМ сэри лъэІу тхыльэ езгъэхьат Президентым и Администрацэм деж, Сталинград и цІэр фІащыжьмэ, псэууэ къэнэжа ветеранэр абы нэхъ нэхъ тыгъэ лъапІэ зэрыхуэмейр къыхэзгъэщу, си адэм и фэеплъ лъапІэуи ар зэрыщытыр. ЛъэІу тхыльыр Волгоград областым и администрацэм хуагъэхьащ, абы къаІэ администрацэм иригъэхьыжат. Къратыжа жэуапыр псалъэ тафэтелэт...

Хуэфащуу пІэрэ Къызэ-ЛІыхъужьым япэм иІа цІэр игъуэтыжьну? Девгъэгупсысат икІи тхыдэм и напэкІуэцІкэм зэ дривгъэплъэжыт...

Тхыдэм итщ: «Сталинград и деж Советыдзэм къыщыхъа ТекІуэныгъэм дзэ политическэ мыхьэнэ иІащ. Ар лъабжьэ хуэхъуащ Хэку зауэшхуэми дунейпсо зауэми я екІуэныкІэм зихъужьэныкъым. Советыдзэм бжьыпэр бийм къыІэщІитхьащ икІи зауэр ирухьиу ар иутІыпщащхьы...

1942 гъэм и мэкъуэуэгъуэ мазэм къыщыщІэдзауэ 1943 гъэм и мазае пщІондэ Индылрэ Тэнрэ я зэхуакум бийм щыфІэкІуэдащ сэлэтро офицеру зы мелуанрэ ныкъуэрэ, танкыу мини 4-м нэс, кхъухьлатэу мини 4-м щІигъу, топрэ миномету мин 11, автомашинэу мини 7-рэ щитхурэ. Совет Армэм зэхихьатащ бийм и армэу 5. Фашист блокым фІэкІуэдащ и къарум и Іыхьэ плІанэр».

И дзэр Сталинград деж зэрызэхакъутэр Германием и дежкІэ нэщхьеягъэшхуэу щытащ. Езы кьалэдэсхэми хэлъхьэныгъэ ин мы текІуэныгъэм хуащІ. Абыхэм ящыщу мин 50-р бийхэм япэщІэувахэм яхэту зэуащ, мин 225-р зыхъумэжьныгъэ Іэнатіэм бгъэдэтащ». («Сталинградская битва» буклетыр, Москва, 1984 гъ.) Париж и утыкуэхэм ящыщ зым «Сталинград» цІэр ауэ сытми фІащакъым икІи зэрихьэрэкъым.

Сталиным и тетыгъуэ зэманым сыт хуэдиз завод, фабрикэ, комбинат, электростанц ящІа, Бахьсэн ГЭС-р, Тырныауз комбинатыр хэту? ГъущІ гъуэгу дапщэ яукъуэдия? Сыт хуэдиз кІэнауэ яухуа, кІыхь дыдэу? Кхъухь цызекІуэу, псыщІэгъльадэ гъуэгу хьууэ. Ухуэныгъуэ ирагъэкІуэкІам гъуни нэзи иІэкъым.

Губгъуэкэр, хадэхэр явэн, зэрахьэн папщІэ, трактор, комбайн, кьитхъ, мэкъумэш Іэмэпсымэ мащІэ къуажэхэм яхуиутІыпща?

Кьыпхуэмыіуэтэным хуэдизщ егъэджэныгъэм игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэри. ПэщІэдзэ, курыт еджапІэкэр, училищэ, институт, университет жыпІэми къыщыхэІуихащ, цІыху мелуанхэм щІэныгъэ, ІэщІагъэ зрагъэгъэтащ.

ИкъуКІэ зиужьащ щэнхабзэми. Уардэунэкэр, клубэр, библиотекэхэр, кинотеатрхэр, музейхэр, макъымэ еджапІэхэр, Іэхуащ Іапэхэр, нэгъуащІ нэгъэзыжьыпІэхэри къуажэхэми кьалэхэми къыщыхэІуахащ.

Сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ кьалэхэми къуажэхэми куэду щаухуащ. Я анэдэлъфбэзкІэ тхыгъэ лъэпкъ зымыІа лъэпкъ зыбжанэм (адыгэхэри балъкъэрхэри яхэту) Іэмал ягъуэтащ я бзэкІэ тхыльэ, газет, журнал кьыдагъэкІыну, радиокІэ къэпсэлъэну.

ЦІыхубэм къагурыІуэрт Сталиным и фІыщІэ абы зэрыхэтыр ныкъуэ ирагъэкІуэкІыр. ДэнэкІи абы и цІэр фІыкІэ кьыщІэрыІуэрт, усэхэр, поэмэхэр, уэрэдэр хуаусырт, зэІущІэхэм Іэгуаузкіэ кьыщІэпежьэрт.

1939 гъэм Н. С. Хрущевым екІуэкІа зэхуэсхэм Сталиным щытхъуэ щыхуэжІам гъуни нэзи иІэкъым. Зэбгъэзыхьмэ, ажэгъафэ сурэтым ихьэу, ар «гопак» жыхуаІэ украин къафэмкІэ Сталиным и пащхьэм мызэ-мытІыр кьыщыфащ, вождыр щытригъэууэ. Илъэс 17 дэкІа нэужь, 1956 гъэм, Хрущевым, ихъуреягъкІэ зыкъыриІуэнтІэкІри, илъэсиу щыІуэу и пэкІэ дунейм ехьжа Сталиным пхъэнкІийм хилъхьэу щІидзат. Абы щхьэзакъуэ унафэр пхигъэкІыу щытауэ кьиІытъуэ, «культ личностыр» фІищащ, репрессиемкІэ ирагъэкъэнащ.

1939 - 1945 гъэхэм Моссоветым и Іэтащхьэу щытащ Пронин Василий кьыдзэриІуэтэжьмкІэ, Москва кьалэм и унафэщІу щыткІэрэ, Хрущевыр репрессие Іэхъум жыджэру ухтащ. (Военно-исторический журнал, №10, 1991 гъ.) Хэбгъэзыхьмэ, нуклан хуейуэ, цІыху мин 18-м я цІэ-ярбцІэм Іэ щІидзауэ щытащ.

Гужьгъэжь хуиІэу Хрущев КПСС-м и 20-нэ съездым (1956 гъэ) Сталиныр хэутэн зэрыщищам и зэранкІэ зэпхуэу ди къэралым кьекІащ. Сталиным и фэеплъхэр зэтрагъэутэу, цІыху мелуанэкэр коммунист партым кьыхэкІыжу щытащ. Езы кьалэдэсхэми хэлъхьэныгъэ ин мы текІуэныгъэм хуащІ. Абыхэм ящыщу мин 50-р бийхэм япэщІэувахэм яхэту зэуащ, мин 225-р зыхъумэжьныгъэ Іэнатіэм бгъэдэтащ». («Сталинградская битва» буклетыр, Москва, 1984 гъ.) Париж и утыкуэхэм ящыщ зым «Сталинград» цІэр ауэ сытми фІащакъым икІи зэрихьэрэкъым.

Сталиным и тетыгъуэ зэманым сыт хуэдиз завод, фабрикэ, комбинат, электростанц ящІа, Бахьсэн ГЭС-р, Тырныауз комбинатыр хэту? ГъущІ гъуэгу дапщэ яукъуэдия? Сыт хуэдиз кІэнауэ яухуа, кІыхь дыдэу? Кхъухь цызекІуэу, псыщІэгъльадэ гъуэгу хьууэ. Ухуэныгъуэ ирагъэкІуэкІам гъуни нэзи иІэкъым.

Губгъуэкэр, хадэхэр явэн, зэрахьэн папщІэ, трактор, комбайн, кьитхъ, мэкъумэш Іэмэпсымэ мащІэ къуажэхэм яхуиутІыпща?

Кьыпхуэмыіуэтэным хуэдизщ егъэджэныгъэм игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэри. ПэщІэдзэ, курыт еджапІэкэр, училищэ, институт, университет жыпІэми къыщыхэІуихащ, цІыху мелуанхэм щІэныгъэ, ІэщІагъэ зрагъэгъэтащ.

ИкъуКІэ зиужьащ щэнхабзэми. Уардэунэкэр, клубэр, библиотекэхэр, кинотеатрхэр, музейхэр, макъымэ еджапІэхэр, Іэхуащ Іапэхэр, нэгъуащІ нэгъэзыжьыпІэхэри къуажэхэми кьалэхэми къыщыхэІуахащ.

Сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ кьалэхэми къуажэхэми куэду щаухуащ. Я анэдэлъфбэзкІэ тхыгъэ лъэпкъ зымыІа лъэпкъ зыбжанэм (адыгэхэри балъкъэрхэри яхэту) Іэмал ягъуэтащ я бзэкІэ тхыльэ, газет, журнал кьыдагъэкІыну, радиокІэ къэпсэлъэну.

ЦІыхубэм къагурыІуэрт Сталиным и фІыщІэ абы зэрыхэтыр ныкъуэ ирагъэкІуэкІыр. ДэнэкІи абы и цІэр фІыкІэ кьыщІэрыІуэрт, усэхэр, поэмэхэр, уэрэдэр хуаусырт, зэІущІэхэм Іэгуаузкіэ кьыщІэпежьэрт.

1939 гъэм Н. С. Хрущевым екІуэкІа зэхуэсхэм Сталиным щытхъуэ щыхуэжІам гъуни нэзи иІэкъым. Зэбгъэзыхьмэ, ажэгъафэ сурэтым ихьэу, ар «гопак» жыхуаІэ украин къафэмкІэ Сталиным и пащхьэм мызэ-мытІыр кьыщыфащ, вождыр щытригъэууэ. Илъэс 17 дэкІа нэужь, 1956 гъэм, Хрущевым, ихъуреягъкІэ зыкъыриІуэнтІэкІри, илъэсиу щыІуэу и пэкІэ дунейм ехьжа Сталиным пхъэнкІийм хилъхьэу щІидзат. Абы щхьэзакъуэ унафэр пхигъэкІыу щытауэ кьиІытъуэ, «культ личностыр» фІищащ, репрессиемкІэ ирагъэкъэнащ.

1939 - 1945 гъэхэм Моссоветым и Іэтащхьэу щытащ Пронин Василий кьыдзэриІуэтэжьмкІэ, Москва кьалэм и унафэщІу щыткІэрэ, Хрущевыр репрессие Іэхъум жыджэру ухтащ. (Военно-исторический журнал, №10, 1991 гъ.) Хэбгъэзыхьмэ, нуклан хуейуэ, цІыху мин 18-м я цІэ-ярбцІэм Іэ щІидзауэ щытащ.

Гужьгъэжь хуиІэу Хрущев КПСС-м и 20-нэ съездым (1956 гъэ) Сталиныр хэутэн зэрыщищам и зэранкІэ зэпхуэу ди къэралым кьекІащ. Сталиным и фэеплъхэр зэтрагъэутэу, цІыху мелуанх

Ныбжьыщ1эхэм я театр

● Адыгэбзэ Хасэ

Хьэт1охъущокъуэ Къазий и ц1эр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм «Адыгэ ныбжьыщ1э театр» зыф1ищ проектым и ещанэ зэхьыхъэр мэлыжьыхьым и 17-м Къэбэрдей-Балъкъэр Къэрал концерт гъэлъэгъуап1эм щызэхэтащ.

УТЫКУМ щыджэгу гупхэр къикIат Псыхъурей къуажэм дэт, Батыр Мухьэмэд и ц1эр зезыхьэ еджап1эм, Нарткъалэ дэт 2-нэ школым, Къуэныкъуэй Назир и ц1эр зэрихьэу Лашынкъей дэт 1-нэ курыт еджап1эм.

Зэ1ущ1эр къызэ1уэныха, Хасэм и тхьэмадэ **Табыш Мурат** жиIащ мыпхуэдэ зэхьыхьэхэр зэхьэзэхуэ зыхэмылъ гъэльэгъуэныгъэ ек1уэ1Iыу щытами, ди нэпсыр къригъакIуэрт.

Ет1уанэу зыкъызэгъэльэгъуа, Нарткъалэ дэт 2-нэ курыт еджап1эм и джэгуакIуэ ныбжьыщ1эхэм агъэхьэзырар Елмэс I эулдин и «Щ1алэм и насып» пьесэрат. Абыхэм ядэлэжьащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Вэрокъуэ Аминэ. Куэду гум ирихьырт агъэльагъуэм екIу фащэхэр зыщыгъ, гъэхуауэ, зэхэщыкIыгъуэу псальэу утыкур зыгъэбжьыфIа мы цыкIуэхэм я джэгуакIари.

Иужьрейуэ утыкум къихьа, Лашынкъей къуажэм дэт 1-нэ курыт еджап1эм къикIа ныбжьыщ1эхэм ягъэльагъуар I эулдин Борис и «Гуащэ ябгэ» пьесэрщ. Ар гъэувынымкIэ цыкIуэхэм дэ1епыкъуэгъу яхэхъуащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Къуэныкъуэй Рае. Дыззрыт зэманым унагъуэ куэдым ярылъ псальэмакъыр, гуащэмрэ ныгсэмрэ я зэхущытыкIэр, Iэкlуэльакlуэу, узыгъэгумэщ1ым нэхърэ дихьэшэхэр нэхъыбэу, ильэс бжьыгъэкIэ актёр I эщ1агъэм хуеджа фIэкIа умыщ1эу зыкъагъэльэгъуащ мы цыкIуэхэм.

Нэхъ ипэхэм екIуэкIа мыпхуэдэ зэхьыхьэхэм епльыт-мэ, иджы абы зэрызэужьам, нэхъыфI зэрызъуам гу лъымытэу къанэртэкъым. Гупхэм я къихьэгъуэхэм деж утыкур екIуу ягъащ1эращ1эрт, езыхэмэ къагъэльагъуэ теплъэгъуэхэм хуэкIуэу хуэпат, персонажхэм я «фэм ихьэрт», я щытыкIэр зыхащ1эрт, зыIыгъыкIэ екIу ял эт, бзэр дахэу ягъэшэрыуэрт. Театрыр ауэ сытми утыкум ущыджэгуу п1эщ1эхуж Iуэхугъуэу зэрыщымытыр, ар гъащ1эм быдэу зэрепхар къагурыIуэ зэрыльхъар нэрыльагъут.

К1эльыплъакIуэхэу къраг-ъэблэгъат: Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щ1эныгъэ лэжьакIуэ **Хьэвжокъуэ Людмилэ**, Адыгэбзэ Хасэм и Хасащ1ьэм хэтхэу хьэрычэтыщ1э **Шыкъ Гупсэрэ** Урыхъ къуажэм дэт 2-нэ курыт школым урысыбзэмкIэ и егъэджакIуэ **Хьэщ1ыкIу Раисэрэ**, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хьэгъэжей Бесл1ъэн** сымэ.

Псыхъурей къикIа гупым утыкум кьрахьат Зэгъэщтокъуэ Людэ и «Щ1ыкупI» пьесэм къытращ1ыкIа гъэлъэгъуэныгъэр. Ныбжьыщ1эхэр игъэхьэзырат адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Кьардэн ФатIимэ. Ц1ыху мыдаIуэм, мыхъумыщ1агъэм дихьэхам унагъуэм гъэзвэгъуэрэ хьэзабу кьрилъхьэр, зэман куэд дэкIми, ар щ1егъуэжу кьызэригъэзэжыр, кьигъэзэжа нэужь кьызырихьэл1эжыр ихьэщу утыку ирахьа теплъэгъуэр апхуэдизкIэ лъэжщ, джэгуакIуэ ныбжьыщ1эхэм я псэльэкIэмрэ зыIыгъыкIэмрэ зэрагъэпщ1жри, гъэмахуэм республикэм щекIуэкIыну театр зэпеуэм хэтыну Iут1ыж Борис и «Гуащэ ябгэр» зыгъэл-ъэгъуэ гупыр къыхахащ.

Зэ1ущ1эр щызэхуищ1ыжьым Табыш Мурат жиIащ:

- Театрыр литературэм гуэх имыIэу епхащ. ЕгъэджакIуэм ц1ыкIуэхэм ябгъэдильхьэ литературэ дерсыр абыхэм нэсу зэхащ1ыкIыным, егъэджакIуэр зы-щ1ыгуф псори къехъуIа хъуным и зы хэкIыпI эщ ар. Джэгуным дихьэх ныбжьыщ1эхэр л1эпкъыбзэм къызэрепшэл1эфыну мы I эмалыр фIэкIыпI э имыIэу дэтхэнэ зы гъэсакIуэми егъэджакIуэми къищтапхъэщ. Зэрыт1ьагъуащ, абы дыхъэкIуэ хуэдэщ. «Адыгэ ныбжьыщ1э театрым» зэрызэ1этым ар къегъэльагъуэ. Хьуымэса къепхьэл1эжыркъым, жаIэ. Ц1эблэм бгъэдэл1ъхьэращ бгъэутыжьынур. Щ1алэгъуалэ узынщэ къызэрыщ1эхъуэм, гугъаплI э дахэхэр пщ1ы зэрыхьынум и шэсыпI эщ нобэ утыкум ита ц1ыкIуэхэ...

Дэтхэнэми я гугъэмрэ хъуэпсапI эу я1эмрэ къехъул1эну ехъуэхъури, джэгуакIуэ ныбжьыщ1эхэми ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэми ф1ыщ1эгуапэ тхьилъхэмрэ тыгъэхэмрэ яритащ.

ИСЛЪАМ Нащхьуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэм щагъэлъэп1ащ «Формула-1» зэхьэзэхуэм и судьяхэм маршалу яхэта, ди республикэм Автомобиль спортымкIэ и федерацэм и л1ыкIуэхэр. Ар иригъэкIуэкIащ министр Хъущт Аслъэнбэч.

ДУНЕЙ ПСОМ ц1ыху куэд щыдэзыхьэх «Формула-1»-м и «Гран-при Урысей» Iыхьэр Сочэ къалэм мэлыжьыхьым и к1эхэм щекIуэкIащ. Зэи къэмыхъуауэ, иджы я1эу абы маршалу хэтащ КъБР-м щыщ судьяхэр.

«ИкъукI э гуап э тщ ыхъуащ ди республикэм щыщ щ1алэхэр судьяуэ «Формула-1»-м зэрыхэтар. Фэ хэфыщ л ъагъэр къыдэкIуэтэй ныбжьыщ1эхэм гъуазэ зэрахъуэхьунур си фIэщ мэхъу», - захуигъэзащ маршалхэм министрым.

«Мыпхуэдэ пщ1эшхуэ зиI э зэхьэзэхуэхэм я къызэгъэпэщакIуэхэм я1э дыдэу мы гъэм дыхэхуауэ аращ. «Формула-1»-м и Iыхьэу Сочэ щекIуэкIыным хэтыну судьяхэм я семинару Дон Iус Ростов щы1ам нэхъыфIу зыкъыщ1ызыгъэльэгъуаэхращ абы к1уэну зи к1эн къикIахэр. Апхуэдизкъэм яхэхуащ ди республикэм и л1ыкIуэхэру Къуэдзокъуэ Руслан, Гузоев Исмэхьил, Унащ1э Хъэзрэталий сымэ», - жиIащ КъБР-м Автомобиль спортымкIэ и федерацэм и президент Байсиев Темыржан.

Сочэ щызэфIахьа л1эжьыгъэ щ1ыпIафIэм и фIыгъэкIэ абыхэм Iэмал къахухъуэжкIащ дуней псом и сыт хуэдэ къэралми щекIуэкI эзэхьэзэхуэхэ хэтыну.

Дунейпсо зэхьэзэхуэхэр къапоплъэ

● «Формула-1»

Зэхьэзэхуэм и судьяуэ щыта Гузоев Исмэхьил къыхигъэщащ апхуэдизкIэ зэхьыхьэшхуэхэм уэхтыфын папщIэ практикэ уиIэныр зэрымащ1эр, теоремиу гулъытэшхуэ зэрыхуэщ1ыпхьэр.

«Ди республикэм щы1эщ щ1алэ куэд практикэм фIы дыдэу щыгъуазэу. Иджы дэ дыздэщ1а семинархэм хуэдизкIэ екIуалI эуэрэ теориемкIэ я щ1эныгъэр хагъэхъуэн хуейщ. А лъагъуэм дэ дрикIуащ, сыт и лъэныкъуэкIи абыхэм сэбэп дахуэхъуфынущ», - жиIащ Гузоевым.

Байсиевым къызэрыхигъэщамкIэ, мы семинархэм хуэдизкIэ КъБР-м щагъэхъуэкIыну хуащ1эхъунущ, ди щ1алэхэм ящыщ нэхъыбэу абы хэтыфын папщIэ.

Гуфэ1эгъуэ зэ1ущ1эм и к1эухэу Хъущт Аслъэнбэч министрэм и фIыщ1э тхьилъхэр яритащ «Формула-1»-м и Iыхьэу Сочэ щекIуэкIэм хэта судьяхэм.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Тэрч щ1ыналъэ

Гъэмахуэм и нэщэнэ

Тэрч щ1ыналъэм щыпсэу сабийхэр гъэмахуэ зыгъэпсэхуГъуэм иджы щыщ1эдзауэ хуагъэхьэзыр.

Щ1ыналъэ администрацэм и къудамэм и унафэщ1 Хамэ Аслъэн къызэрыджиIамкIэ, мы гъэм Джылахъстэнейм къыщызэ1ухьыну гъэмахуэ лагерхэм зыщызыгъэпсэхуну ц1ыкIуэхэр ягъэбелджылы. Псом хуэмыдэу гулъытэ хэха хуащ1ынущ бынунагъуэшхуэхэмрэ унагъуэ хуэмыщ1ахэмрэ я сабийхэм.

Лагерхэм щылэжьэнущ зи I эщ1агъэм фIыуэ хэзыщ1ыкI дохутырхэр, гъэсакIуэхэр.

Аслъэн къызэрыхигъэщащ, сабийхэм я нэгу зрагъэужьынущ ахэр яшэнущ псыхэм, мэзхэм, Налшыкрэ Тэрчрэ я щ1ыпIэ нэхъ дахэхэмрэ, тхыдэ фэепIъэмрэ.

Лагерыр зэрылэжьэну зэманым къриубыдэу мафIэс къэмыгъэхъуным ехьэлI э лэжьыгъэхэри эзфIах.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Футбол

Зы ильэскIэщ зэрыхэтыфар

«Кубань» (Краснодар) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:1 (2:0). Краснодар. «Кубань» стадион. Накъыгъэм и 20-м. Ц1ыху 3096-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Казарцев (Санкт-Петербург), Карученко (Воронеж), Филимонов (Орехово-Зуевэ).

«**Кубань**»: Помазан, Марков, Лобкарёв (Тюфяков, 81), Байрыев, Бендзь, Бугаев (Пономарёв, 71), Маляров, Якубэ (Гай, 65), Алейник (Завезён, 65), Коновалов, Гогниев.

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Мэкъуауэ, Дашаев, Мурачёв, Тебэрды, Багъэтыр (Мухьэммэд, 70), Дроздов, Ахриев (Бойчук, 79), Каркаев (Крамаренко, 39), Бажэ, Л1уп (Ахъядов, 56).

Топхэр дагъэкIащ: Маляровым, 4 (1:0). Лобкарёвым, 16 (2:0). Маляровым, 60 (3:0). Бажэм, 90+2 - пенальтикIэ (3:1).

Дагъуэ къыхуащ1ащ: Помазанрэ Мурачёвымрэ.

«СПАРТАК-НАЛШЫКЫР» я1э дивизионым къыхэнэн папщIэ к1эух дэжгугъуэм Краснодар щытекIуэкIэ зэф1экIынутэкъым, ар хуабжьу Iуэху гугъуу щыт пэтми. Абы папщIэ турнир таблицэм къащ1ыщхьэщыт адрей я хьэрхуэрэгъуэхэри зэлъыIукIуэтын хуейт. АрщхьэкIэ апхуэдэ мурад зыми иIэтэкъым: псори зыхущ1ыкъуэр я щхьэ зыхэзэрагъэлъ-ныррщ.

Зы зэманым, сыхьэт 14-м, щ1эзыдза зэ1ущ1эхэм я нэхъыбэм зэуэ интернетымкIэ дыкIэлъыплъынт хуей хъуащ. Зэм - зымкIэ, зэм адрейм кIэ зыддэуэрэ Iуэхур зытетыр зэдгъащ1эрт. Дауи, псом ящ1ыхьжьыр Краснодар щекIуэкIырат. Абы ди щ1алэхэр щ1ытемыкIуэмэ, адрейхэм щхьэкIэ уащ1эгъэзвэжьи щ1ытэкъым.

«Спартак-Налшыкым» и футболистхэм куэдрэ гугъу драгъэхьакъым - дакъикIыпI кIудейц абыхэм зэрызахъумэжьифар. Зэгъэрым ди командэм щыджэгуа Маляров Никитэ штрафнойм имыхьэу зэуа топым Антиповым къригъэ1ззэфакъым. Аргуэру дакъикъэ пщ1ыкIутI дэкIри, хэгъэрейхэм бжьыгъэр ягъэбэгъащ. Абы иужькIэ зызэщ1акъуэу налшыкдэсхэр джэгупIэ губгъуэм къикIыж хъунут - кьаняэ щ1ымыIэу иджы псори гурыIуэгъуэт. АрщхьэкIэ регламентым къызэригъэувым тету, зэ1ущ1эр Iэмал имыIэу и к1эн нагъэсын хуейти, адэкIэ пащащ.

ТопитIкIэ я1э ища красно-дардэсхэр мащ1эу сабыркъажащ икIи зыкъагъэльэгъэну хьэщ1эхэм Iэмал ираташ. А дакъикъэхэм «Кубань»-м и гъуэр хагъэщ1эфыну щытащ Л1уп Ислъам, Дашаев Аслъэн, Багъэтыр Альберт, Бажэ Амир, Ахриев Хьэсэн сымэ. АрщхьэкIэ я1эхэзми и насып къикIакъым. Апхуэдэу щ1ыхьэм, хэгъэрейхэр ещанэуи къыхэжаныкIащ. Маляров Никитэ ет1уанэ топри «Спартак-Налшыкым» къыхудигъэкIащ.

Я1э дивизионым зэрыхэта ильэс закъуэм сэлам ирихьжащ ди командэм и капитан Бажэ Амир. Крамаренко Сергей «Кубань»-м и штрафнойм щрауда иужькIэ, метр пщ1ыкIуэм и деж щыту, абы к1эух бжьыгъэ 3:1-м хуигъэкIуащ.

Аратн, иужьрей джэгуГъуищми къызэрыщ1ыхъгъэщ1ам и зэранкIэ 2016 - 2017 гъэхэм я1э дивизионым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм «Спартак-Налшыкым» щ1ыгубыдар епщ1ыкIубгъуанэ увыпIэращ. Иджы, мазитI дэкIмэ, ар хьыхьжьынущ ильэс ипэкIэ зыхэта ет1уанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щы1э зэпеуэм.

Ди командэм дэщ1ыгъуэ я1э дивизионыр ябгынащ Нижнекамск и «Нефтехимик»-м, Саратов и «Сокол»-м, Владивосток и «Луч-Энергия»-м, Саранск и «Мордовия»-м.

Гуащ1ьэуэхэм я зэпеуэри иужь дыдэ джэгугъуэ пщ1ондэ гуащ1эу екIуэкIащ. Бжьыпэр зыубыда Мэзкъу и «Динамо»-м и гуащ1ьэуэ Панченкэ Кирилл зы топ закъуэкIащ къызэрыкIэрыхуар мы зэхьэзэхуэм 23-рэ къыщ1ыхэжаныкIа, «Тюмень»-м и пашэ Мамтэ Хьэсанэ.

Щ1агъуаэз фыхуэтщ1ынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и я1эр дивизионым 2016 - 2017 гъэхэм щы1а зэхьэзэхуэм и к1эух джэгуГъуэм къарикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: «**Мордовия**» (Саранск) - «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - **1**:**1**, «**Химки**» (Химки) - «**Тосно**» (Ленинград область) - **1**:**3**, «**Факел**» (Воронеж) - «**Волгарь**» (Астрахань) - **0**:**1**, «**Сибирь**» (Новосибирск) - «**Спартак-2**» (Мэзкъу) - **2**:**1**, «**Тюмень**» (Тюмень) - «**Динамо**» (Мэзкъу) - **0**:**2**, «**СКА-Хабаровск**» (Хабаровск) - «**Тамбов**» (Тамбов) - **2**:**2**, «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) - «**Енисей**» (Красноярск) - **0**:**2**, «**Шинник**» (Ярославль) - «**Балтика**» (Калининград) - **0**:**1**, «**Сокол**» (Саратов) - «**Зенит-2**» (Санкт-Петербург) - **0**:**3**.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и я1эр дивизионым 2016 - 2017 гъэхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм къикIуар

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1.	«Динамо»	38	26	9	3	64-25	87
2.	«Тосно»	38	21	12	5	63-30	75
3.	«Енисей»	38	19	6	13	54-42	63
4.	«СКА-Хабаровск»	38	15	14	9	45-33	59
5.	«Тамбов»	38	15	12	11	42-34	57
6.	«Спартак-2»	38	15	11	12	56-43	56
7.	«Кубань»	38	14	13	11	44-37	55
8.	«Шинник»	38	15	9	14	41-39	54
9.	«Тюмень»	38	14	11	13	48-43	53
10.	«Факел»	38	14	11	13	38-40	53
11.	«Химки»	38	11	16	11	40-47	49
12.	«Волгарь»	38	12	9	17	39-49	45
13.	«Зенит-2»	38	9	16	13	44-51	43
14.	«Балтика»	38	9	15	14	25-35	42
15.	«Сибирь»	38	9	15	14	31-46	42
16.	«Луч-Энергия»	38	9	15	14	27-41	42
17.	«Мордовия»	38	11	7	20	39-50	40
18.	«Сокол»	38	8	15	15	34-53	39
19.	«Спартак-Налшык»	38	7	17	14	26-37	38
20.	«Нефтехимик»	38	6	9	23	28-53	27

Псэм и дохутыр

● Щапхъэ

Тэрч щ1ыналъэм хьыхэ Курп Ипщэ къуажэм дэт амбулаторэм и дохутыр нэхъыщхьэ Хъупэ Мадинэ Хьэсэнбий и пхъум I эуэхуКIэ бгъэдыхьа, и узынщагъэ щхьэкIэ гуныкъуэгъуэ и1эу зи щхьэ езыхьэлIа ц1ыхур щигъэщ1эхъуа къэхъуауэ ф1эщщ1ыгъуеиф. Зи лэжьыгъэм ф1ыуэ хэзыщ1ыкI, дэтхэнэми сэбэп зэрыхуэхъуным хущ1эхъу дохутыр I эзэм щытхъу и куэдщ. и дуней тетыкIэкIи, и I уэху зехьэкIэкIи щапхъэщ.

МАДИНЭ терапевт I эщ1агъэр къыхухэзыхар и адэ Хьэсэнбийт. Абы и псэм ищ1э хуэдэт и пхъум дохутыр нэс къызэрыхэкIынур. И адэм и чэнджэщкIэ зыщ1эт1ысхьа КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и терапевтическэ кафедрэр кьиуха нэужь ар ильэс зыбжанэкIэ щылэжьащ район сымаджэщым. ИужькIэ унагъуэ ихьа, бын игъуэта нэужь ар къуажэм амбулаторэм и дохутыр нэхъыщхьэу яГъуваУэ щытащ. Абы лъандэрэ ильэс 30-м нэблагъащи, хьэлэлу мэлажьэ.

Къуажэм дэс дэтхэнэми зыхуэбгъаз эмэ къыбжаIэнущ ар зэрыц1ыху гуапэр, псэ къьбзэр, зи гур зэ1уха дохутыр I эзэу зэрыщ1ытыр. Гум къыбгъэдэкIыу а псалъэ гуапэхэр къыпхуожаIэн щхьэкIэ езэши щхьэхи умыщ1эу сымаджэхэм гугъу задебгъэхьын хуейщ.

Мадинэ и теплъэми и хьэл-щэнми къыбжаIэ а адыгэ ц1ыхубз зэпIэзэрытыр дохутыр I эщ1агъэм къызэрыхуигъэщ1ар. Узыр зэуэлIа I эпкъгъэпкъым и закъуэкъым ар зэ1эзэр, атIэ Мадинэ псэми и дохутырщ. Пэжщ, ар щыткIии щы1эщ, I ажьыгъэм зыщ1ебгъэхьыу, уи узынщагъэм уддэжгугу къыпхуидэнукъым, абы къыдэкI уэуи лей къыпт ригъэхьэнукъым, сыт хуэдэ I уэхуи ирехьу - чэнджэщ къуитыфынущ, икIи зыкъыщ1игъэкъуэнущ, сабийми балигъыми бзэ къахуигъэтыфрэ и хьэл-щэн дахэмкIэ псори къыдихьэхыфу апхуэдэщ.

Ц1ыху сымаджэр узым пэлъэщ1ынр куэдкIэ зэльытар ар зыгъэхъуж дохутырращ. Абы къыпкъырыкI гуапагъэм узыр псынщ1э пщещ1, гукъыщ1эжи къует, къохьэлъэкI узым нэгъуэщ1ынэкIи урегъэплъ. Мадинэ узым зэщ1ифыбуда ц1ыхум фIэщхъуныгъэ иретыжри, сытым дежи нэхъыфIым хуэплъэу, гъащ1эрфIыуэлъаГъуэуэрыщ1ытыным къыхуреджэ.

Ильэс куэд щ1ауэ Мадинэ и къаруемыблэжу и I энатIэм зэрыпэрытыр гулъытэншэ хъуакъым. И лжьыгъэфIым къыпкIэпкIуэу мызэ-мытIэу абы къыхуагъэфащ1ащ щытхъу, щ1ыхь тхьилъхэр. Зи I энатIэм хьэлэлу, игури и псэри етауэ пэрыт дохутырым и лэжьакIуэхэм я деж абы и пщ1эр щ1ыльагъэщ.

Мадинэ и гуащ1экIи щапхъэщ. И щхьэгъусэмрэ езымрэ бынипIл эдагъэуэтащ. Ахэр я адэ-анэм яхуэфащэн щ1эблэщ, гъащ1эм езыхэм я уВыпIэ щ1ыбыдыжауэ, я хабзэкIи нэмыкIи ядэбгъыун щ1ымыIэ жьхуа I эхэм хуэдэщ. Къыхэгъэщ1ынхьащ Мадинэ ипхъу нэхъыжьым и лъэужь зэрырикIуэжыр, ауэ мыр зыми тригъэгушхуакъым, атIэ и анэр щапхъэ нэс хуэхъури, а I эщ1агъэр зригъэгъуэтауэ аращ.

Зи унагъуэри зэпэщ, зи лэжьыгъэкIи екъуIэныгъэфIхэр зы1эрыгъэхьа Хъупэ Мадинэ еф I акIуэ зэпыту гъащ1э кIыхь къыхэщ1ынэу Тхъэм дыхуоIэу!

Сурэтри тхыгъэри

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ *ейц.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖЬэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и я1эп къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Нэщ1эныдэж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щ1ыхьщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщ1ап1эр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ л1эпкъ I уэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащ1эмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ I уэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер I энатIэм I эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщ1эта I уэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я I уэху еп1ыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр I э тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщ1эныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъэзащ и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъуэмэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыналъэ I уэхущ1ап1эм ПИ № ТУ07-00117-м щ1эту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖЬэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэру* **Щ1ОДЖЭН Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щ1ОДЖЭН Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэныкъэгъу* **Нэ1ыкъуэ Заирэ.** *Компьютерк I э газетым и теплъэр ящ1ащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер I энатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым I э традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.721 ● Заказ №623

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым информацэ-технологие къызэгъэпэщ1ыныгъэмкIэ и кьудамэм и консультант **Моржерин Сергей Валерий и къуэм** хуогузавэ абы и адэ **Моржерин Валерий Павел и къуэр** зэрыIлам къыхэкIыу.

Налшык къалэ дэт курыт еджап1э №30-м и лэжьакIуэхэм, абы и гъэсэнхэмрэ адэ-анэхэмрэ гущ1ыхь я ящ1ыхьащ1 егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ I энатIэм ильэс 30-м щ1игъкIэ зэрыта адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ, категорие гъэ I зиI э, УФ-м егъэдж эныгъэмкIэ щ1ыхь зиI э и лэжьакIуэ **Сабанщ1 Сэ1имэт Назир и пхъур** дунейм зэрехьжар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмра яхуогузавэ.